

Chè Paran/Responsab:

M ap ekri pou m enfòm w ke tout elèv Massachusetts yo, an plis ke yo fèt pou satisfè tout egzijans pou gradyasyon lokal yo, yo fèt tou pou ranpli kondisyon ki dekri nan fòm ki akonpaye lèt sa a, pou yo kapab jwenn diplòm Lekòl segondè yo.

Pitit gason oswa pitit fi w poko ranpli kondisyon pou gradyasyon ki dekri pi ba yo :

_____ .

Pwochen opòtinite w ap genyen pou patisipe nan egzamen MCAS se :

_____ .

Elèv yo gen dwa fè egzamen yo kantite fwa yo bezwen, pandan yo se etidyan nan lekòl la ak apre yo fini lekòl. Mwen ankouraje tout elèv ki poko satisfè egzijans leta pou gradyasyon an pou yo patisipe prochèn fwa genyen opòtinite pou yo fè egzamen an. Si pitit ou chwazi pa pran avantaj opòtinite sa a, tanpri ranpli ak siyen Fòm Non-Patisipasyon MCAS ki akonpaye papyè sila a epi retounen l ba mwen.

Mwen vle tou fè w konnen lekòl nou an tabli de pwogram sipò akademik pou ede prepare elèv yo pou tès yo. Ou kapab jwenn enfòmasyon pou pwogram sayo nan _____.

Anplis de sa, mwen vle fè w konnen elèv yo gen dwa satisfè egzijans leta a pou pran tès yo nan pwosesis Apèl Pèfòmans MCAS (*MCAS Performance Appeals*), ki te elabore pou pèmèt elèv yo demontre nan travay salklas yo ke yo ranpli oswa depase estanda pou reyisi, menm si, nan plizyè okasyon, yo pa t kapab demontre sa nan tès MCAS yo.

Si w gen nenpòt kesyon sou opòtinite tès yo, tanpri kontakte departman gidans pou lekòl segondè oubyen biwo mwen. Pi ba w ap jwenn enfòmasyon pou kontakt nou an :

- *Non kontak la ak tit li :*

- *Telefòn :*

- *Imèl :*

Mwen kwè ke lè nou travay ansanm nou kapab ede elèv yo reyisi. Mèsi pou kowoperasyon w.

Avèk senserite,

Direktè Lekòl la